

janvier 5, 2026

Kolaborasyon avèk ou

Chè fanmi,

Kòm yon edikatè depi lontan k ap sèvi sistèm nou an kòm yon pwofesè, direktè ak sipèentandan, epi kòm paran de elèv Lekòl Leta Vil Nouyòk (New York City Public Schools, NYCPS), dapre eksperyans mwen, mwen konnen lekòl nou yo se poto mitan kominote nou yo. Nan meyè ka, lekòl se kote yo admire, sipòte ak ankouraje timoun nou yo pou yo devlope. Se kote nou akeyi ak valorize oumenm, fanmi nou yo, epi se kote nou fè opòtinite ak posiblite vin reyalye chak jou.

Mwen konnen tou kòm yon sistèm lekòl, nou toujou gen travay ki pou fèt pou asire lekòl nou yo respekte pwomès sa a pou chak timoun nan chak salklas. Mwen pran wòl sa a avèk imilite, ijans ak yon konpreyansyon klè responsablite epi mwen gen anpil onè pou m sèvi kòm Chanselye w nan Lekòl Leta Vil Nouyòk.

Mwen kwè elèv nou yo—soti debitan rive nan elèv k ap gradye—merite lekòl ki sennesof, ki solid onivo akademik epi ki vrèman entegre. Fanmi ta dwe santi yo ankonfyans paske pitit yo ansekirite epi yo nan bon swen, ni andedan ni andeyò lekòl la. Yo ta dwe konnen pitit yo ap aprann eleman debaz yo—kòmanse avèk lekti—epi n ap pouse yo onivo akademik, ki gide avèk gwo atant, enstriksyon solid ak pwofesè ki kwè nan yo. Epi yo ta dwe kapab atann pou lekòl pitit yo montre sa ki fè Vil Nouyòk tèlman espesyal, ki anbrase divèsite rich vil nou an atravè eksperyans aprantisaj ki chita nan konpreyansyon ak respè kilti. Se sa nou vle di lè nou di vrè entegrasyon.

Pou reyalye vizyon sa a, sa mande bon jan kolaborasyon avèk fanmi. Twò souvan, sistèm nou an fè li pi difisil pase jan li ta dwe ye pou fanmi angaje totalman nan edikasyon pitit yo. Mwen kwè vwa paran ak patisipasyon fanmi enpòtan anpil, li pa yon opsyon. Pandan nou fè kèk pwogrè nan ane ki fèk pase yo, nou bezwen akselere travay sa a epi jwenn nouvo mwayen ki pi efikas pou bay fanmi kapasite ak ranfòse kominote lekòl nou yo.

Donk, pandan n ap kòmanse nouvo chapit sa a, mwen vle tande vwa w, epi mwen envite w patisipe avèk mwen kòm asosye. M ap gen plis bagay pou m pataje byento sou opòtinite pou pataje ide w, eksperyans ou ak pwendvi w. Nou gen travay enpòtan k ap tann nou, epi lekòl ki pi djanm yo bati lè fanmi ak edikatè travay ansanm nan konfyans ak nan kolaborasyon.

Nan kolaborasyon,



Kamar H. Samuels, Chanselye